



Kimoun ki kapab ede mwen avèk dosye USCIS mwen?

Ou kapab toujou reprezante tèt ou devan USCIS. Anpil moun, tankou manm fanmi, ka vle ede ou ranpli fòm USCIS ou avèk enfòmasyon ou bay yo. Moun sa yo ka fe sa gratis oswa pou ti frè pou ou. Men, se sèlman sèten moun kalifye ki kapab ba ou konsèy legal oswa ki kapab reprezante ou devan USCIS.

Konsèy legal la ka gen ladan:

- Fason pou reponn kesyon sou fòm imigrasyon ou yo; ak
- Ki posiblite ou ka genyen nan imigrasyon.

Dapre lalwa, sèl moun ki ka ba ou konsèy legal oswa ki ka reprezante ou devan USCIS se:

- Avoka; ak
- Reprezantan ki pa avoka ki gen akreditasyon Konsèy pou Apèl nan Imigrasyon (BIA).

Pou jwenn plis enfòmasyon sou avoka yo ak sou reprezantan ki gen akreditasyon BIA, ale nan sit wèb www.uscis.gov/avoidscams.

Avèk sipèvizon dirèk yon avoka, reprezantan ki gen akreditasyon, oswa manm gwoup ak sèten etidyan lekòl-de-dwa ak moun ki gradye nan lekòl-de-dwa ki gen akreditasyon Ozetazini ka ba ou konsèy legal sou pwoblèm imigrasyon. Etidyan sa yo ak moun ki gradye yo ka pa resevwa konpansasyon pou sèvis yo. Ale nan sit wèb www.uscis.gov/avoidscams pou jwenn plis enfomasyon.

“Notarios,” notè publik ak konsiltan nan zafè publik ak konsiltan nan zafè imigrasyon PA ka ba ou konsèy legal oswa yo PA ka reprezante ou devan USCIS. Nan kèk peyi, tout “notarios” yo se avoka. Se pa vrè Ozetazini. Notè publik ki Ozetazini yo pa oblige se avoka, epi yo pa gen menm otorite pou bay konsèy legal menm jan ak “notarios” ki nan lòt peyi yo.

Kijan pou mwen jwenn avoka lisansye oswa reprezantan ki gen akreditasyon BIA pou gratis oswa pou yon ti frè?

Pou jwenn yon lis sèvis legal pou gratis oswa pou yon ti frè, ale nan sit wèb www.uscis.gov/avoidscams, oswa rele USCIS nan nimewo 1-800-375-5283.

Kijan mwen kapab konnen si moun k ap ede mwen gen otorizasyon pou bay konsèy legal?

Pou jwenn enfòmasyon sou fason pou verifye si yon avoka oswa yon reprezantan ki gen akreditasyon BIA kalifye pou reprezante ou devan USCIS, ale nan sit wèb www.uscis.gov/avoidscams. Pou konnen si yon moun se yon reprezantan ki gen akreditasyon BIA, ou ka ale tou nan biwo lokal USCIS oswa tcheke lis moun ki gen akreditasyon yo nan sit wèb www.justice.gov/eoir/statspub/raroster.htm.

Ki kèk fwod komen ki genyen nan zafè imigrasyon?

Mètdam fè pwomès souvan ki sonnen twò bon pou yo vrè. Yo ka fè ou konnen yo gen yon relasyon espesyal avèk gouvènman an, oswa yo kapab fè ou jwenn avantaj imigrasyon tankou grinkat, oswa kat travay trè vit, oswa yo kapab ede ou jwenn avantaj ou pa kalifye pou jwenn yo.

Pafwa sit wèb yo ki sanble trè pwofesyonèl kapab mennen ou nan yon fwod. Mètdam yo fè reklam tou nan anyè telefonik, depliyan ak sou pano ki nan magazen. Yo ka pran avantaj estasyon radyo ak journal pou fè reklam nan medya yo. Yon moun ou konnen kapab rekòmande ou ba yo tou. Pran prekosyon ou. Anvan ou ale kote yon moun k ap vann konsèy sou imigrasyon, chèche konnen dabò si li se yon avoka oswa yon reprezantan ki gen akreditasyon BIA.

Kisa mwen kapab fè si mwen se yon viktim fwod nan zafè imigrasyon?

Si oumenm oswa yon moun ou konnen se viktim yon fwod nan zafè imigrasyon, anvizaje notifye Komisyon Federal Komès (FTC) nan sit wèb www.ftc.gov/complaint oswa an nimewo 1-877-382-4357. Ou kapab rapòte fwod nan zafè imigrasyon an tou nan biwo pwokirè jeneral leta, nan lòt ajans leta, oswa nan asosasyon bawo leta ki awopriye.

Gen lwa ki entèdi fwod nan zafè imigrasyon. Aprann kichòy sou lwa ki nan eta kote w ap viv la ak fason pou rapòte fwod nan www.uscis.gov/avoidscams.

Pwoteje tèt ou ak fanmi ou kont fwod nan zafè imigrasyon. Aprann enfòmasyon yo epi jwenn èd legal nan sit wèb www.uscis.gov/avoidscams oswa si ou rele USCIS nan nimewo 1-800-375-5283.

Ou kapab toujou kominike avèk Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini (USCIS) sou dosye ou a. Si ou chwazi pou fè yon moun reprezante ou, tanpri sonje se sèlman sèten moun ki ka ba ou konsèy legal sou pwoblèm imigrasyon oswa ki ka reprezante ou devan USCIS.





Lòt moun yo ka ofri pou ede ou ranpli fòm ou yo, epitou yo ka gen bon entansyon, men yo pa kalifye pou bay konsèy sou lwa oswa pwosedi imigrasyon.

Lè w ap chèche èd nan zafè imigrasyon, move èd la kapab fè ou mal.

Aprann enfòmasyon yo epi jwenn èd legal nan sit wèb www.uscis.gov/avoidscams oswa si ou rele USCIS nan nimewo 1-800-375-5283.

Konsèy Pou Sonje

- CHÈCHE jwenn enfòmasyon sou imigrasyon nan sit wèb ofisyèl gouvènman an. Adrès wèb pou ajans gouvènman federal gen ladan ".gov," not ".com".
- MANDE yon resi lè ou peye yon moun pou ede ou ranpli fòm imigrasyon ou yo.
- VERIFYE si moun k ap ba ou konsèy legal ak reprezante ou devan USCIS se yon avoka oswa yon reprezantan ki gen akreditasyon BIA.
- KONSEVE tout lèt USCIS voye ba ou nan yon kote ki fèmen. Toujou jwenn kopí tout dokiman ki te prepare oswa soumèt pou ou, epitou sere yon kopí avi resepsyon USCIS ou. Resi sa a se prèv ki endike USCIS te resevwa aplikasyon ou oswa petisyon ou.
- TCHEKE enstriksyon ki sou fòm USCIS pou konnen frè pou peye ak lòt egzijans yo.
- TCHEKE sitiayson dosye ou pou gratis nan sit wèb www.uscis.gov, oswa depi ou rele 1-800-375-5283.
- RAPÒTE aktivite ilegal oswa fwod nan zafè imigrasyon nan FTC, nan biwo pwokirè jeneral eta kote w ap viv la oswa nan asosasyon bawo eta a.
- PA peye lajan pou fòm USCIS ki vid yo. Tout fòm USCIS yo gratis epi yo disponib nan sit wèb www.uscis.gov, oswa nan biwo lokal USCIS ou.
- PA siyen fòm vid yo. Asire tout fòm yo ranpli anvan ou siyen yo.
- PA siyen fòm ki gen fo enfòmasyon. Asire tout enfòmasyon yo vrè ak egzat anvan ou siyen yo.
- PA kite okenn moun sere dokiman orijinal ou yo.
- PA siyen dokiman ou pa kapab konprann. Anvan ou siyen nenpòt fòm imigrasyon, li fòm yo avèk anpil atansyon, epitou asire ou konprann yo.



MOVE ÈD KAPAB FÈ OU MAL

PRAN PREKOSYON OU AVÈK FWOD
NAN ZAFÈ IMIGRASYON



U.S. Citizenship
and Immigration
Services

M-712 - Creole (05/11)



Pafwa, moun yo fè tankou yo se "espè nan zafè imigrasyon" pou twonpe ou ak pou pran lajan ou. Se yon bagay ki kont lalwa.